
ISSN 0207 - 6551
1
2015
Нур
6+





**МАМБЭТ *Алия*** Налшык щопсэу, и ныбжьыр илъэси 3-м щIигъуащ.

# Мы сурэтыр влэж



# ШIЫМАХУЭ

*Псалъэхэр КЪЭЖЭР Пётр,*
*Макъамэр ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил ейщ.*



ЦыIэрылъхьэу
Къосыр уэсыр,
Нэм илъагъур
Уэсу хужьыщ,
Дыгъэ дыдэр
Хужьу къопсыр.

Ди хьэ Мыщэ,
Мыщэ къари
Хужьу къонэр
И лъэужь,
И лъэужь,
И лъэужь.





# Снегурушкэмрэ бажэмрэ

*(Урыс псысэ)*

Еуэрэ-еуэрэт, жи, зы дадэжьрэ зы нанэжьрэ псэут. Абыхэм яӀэт зы къуэрылъху цӀыкӀу Снегурушкэкӏэ еджэу. Адыгэбзэкӏэ жыпӏэмэ – Уэсгуащэ.

Хъыджэбэ цӏыкӏум и ныбжьэгъухэр мэракӏуэхьэ мэзым кӏуэрти, Снегурушкэри здашэну къеджащ. Нанэрэ дадэрэ ар яутӏыпщын ямыдэу куэдрэ зрагъэлъэӏуащ, ауэ, икӏэм икӏэжым, хуит ящӏ кӏуэну икӏи «уи гъусэхэм закъыкӏэрумыгъэху!» – жаӏэри и тхьэкӏумэри къыхуаӏуэнтӏащ.

Хъыджэбзхэр мэзым нэсри мэракӏуэ къыпачу щӏадзащ, жыгхэри къащу, чыцэхэри щӏащыкӏыу. Арати, Снегурушкэ-Уэсгуащэ зэрыхъуар имыщӏэу и гъусэхэм къакӏэроху. «Ау, ау» – жаӏэурэ хъыджэбзхэр куэдрэ лъыхъуащ абы, ауэ Уэсгуащэ зэхихакъым абыхэм я джэ макъыр. Ауэрэ кӏыфӏи мэхъу, хъыджэбзхэри я унэ мэкӏуэж.

Уэсгуащэ-Снегурушкэ мэзыр къикӏухьым-къикӏухьыурэ щхьэрыуэпащ.

И закъуэпцӏийуэ мэзым къызэрыщӏэнар къыгурыӏуэжри, жыгым дэпщейщ аби, къудамэ лъагэм тетӏысхьащ икӏи гъырэ-бжэуэ щӏидзащ:

Ау, ау, Уэсгуащэ!  
Ау, ау, дахащэ!  
Сэ дадэм сригъэфӏэнт,  
Сэ нанэм сригъэшхэнт.  
Ныбжьэгъухэм сыкъагъэнащ,  
Мэзыжьым сыкъыщӏанащ.

Мыщэжь блэкӏти къоупщӏ:

- Сыт ущӏэгъыр, Уэсгуащэ? – жери.

- Дауэ сымыгъынрэ, Мыщэжь! - жи Снегурушкэ. - Сэ дадэм сригъэфӏэнт, сэ нанэм сригъэшхэнт, си ныбжьэгъухэм мэзым сыкъагъэнащ, сыкъашэри сыкъыщӏанащ.

- Къех мыдэ, - жи Мыщэжь, - сэ усхьыжынщ дадэрэ нанэрэ я дей!

- Сошынэ, - жи Снегурушкэ, - сэ уэ сыпшхынущ.

Арати. Мыщэжьыр ежьэжащ. Уэсгуащи гъырэ-бжэуэ щIидзэжащ:

Ау, ау, Уэсгуащэ!
Ау, ау, дахащэ!..

Дыгъужь блэкIти къоупщI:

- Сыт ущIэгъыр, Уэсгуащэ?

- Дауэ сымыгъынрэ? – жи. - Си ныбжьэгъухэм мэзым сыкъашащ, сыкъашэри сыкъыщIанащ.

- Къех мыдэ, сэ усхьыжынщ дадэрэ нанэрэ я дей!

- Хьэуэ, Дыгъужьыжь, сошынэ, сэ уэ сыпшхынущ.

Дыгъужьыр ежьэжащ. Снегурушкэ аргуэру гъырэ-бжэуэ щIидзэжащ:

Ау, ау, Уэсгуащэ!
Ау, ау, дахащэ!..

Гъунэгъуу Бажэр блэжт. Уэсгуащэ и макъыр зэхехри къоупщI:

- Сыт ущIэгъыр, Уэсгуащэ?

- Дауэ сымыгъынрэ, Бажэ цIыкIу! Си ныбжьэгъухэм мэзым сыкъашащ, сыкъашэри сыкъыщIанащ.

- Къех мыдэ, сэ усхьыжынщ дадэрэ нанэрэ я дей!

Уэсгуащэ жыгым къохыж, Бажэм мэшэс, Бажэри йолъ.

Унэм къосри куэбжэ цIыкIум кIэкIэ тоуIуэ.

- Хэт ар? - къоджэ дадэмрэ нанэмрэ.

- Ар сэращ, Бажэжь цIыкIущ, фи къуэрылъху цIыкIур къыфхуэсшэжащ.

- А ди псэм хуэдэ! КъакIуэ, къыщIыхьэ унэм! Дэнэ деж удгъэтIысын, сыт уэдгъэшхын?

Шэ пIапIу, джэдыкIэ, кхъуейлъалъэ къахьри Бажэм Iэнэ къыхуаухуэ. Бажэр мэлъаIуэ гуфIапщIэу джэд кърatыну. Лlыжь-фызыжьым джэд хужь кърат Бажэми, мэзым яутIыпщыж.

*ЗэзыдзэкIар* ***НАЛО Заурщ***



# Щlыхубэ усакlуэ



**КЪАГЪЫРМЭС Борис**

*Лэсчэн Етlуанэ къуажэм къыщалъхуа Къагъырмэс Борис илъэс 80 ирикъуащ. Университетыр къиуха нэужь ар къуажэм егъэджакlуэу, газетхэм, радиом, «Iуащхьэмахуэ» журналым щылэжьащ.*

*Борис еханэ классым щlэсу тхэн щlидзащ. Абы и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ куэд дунейм къытехьащ. Абыхэм ящыщу нэхъыбэр яхуэгъэзащ сабийхэм. Ар емышу къыхуотхэ «Нур» журнал щыкlуми. Къагъырмэс Борис и тхыгъэхэр бзэ куэдкlи зэрадзэкlауэ ди къэралми хамэ къэралхэми къыщыдэкlащ.*

*Ди гуапэу дохъуэхъу щlыхубэ усакlуэм и тхыгъэ хьэлэмэтхэм папщlэ, узыншэну, дяпэкlи Iэдакъэщlэкl дахэкlэ дигъэгуфlэну.*

## Илъэсыщlэ

Илъэсыщlэу хьэщlэ лъапlэ,
Iуэхуфl куэдым я щlэдзапlэ,
Илъэс псокlэ дыпплэплъауэ,
Укъэсащ уи нэкlур плъауэ.
Щlыкlуи ини пщогуфlыкl,
Дэри, мисыр, доувыкl,
Псей щlэращlэр къыдофыхь,
Ар тхуэпащ дэ дыгъуэпшыхь.
Хьэпшып Iэджи кlэрытщlащ,
Дахэ дыдэ дэ ар тщlащ,
Дэ Уэс дадэр къытхыхьауэ
Къытхуегуэш кlэнфет, къихьауэ.
Дощl итlанэ дэ джэгушхуэ,
Къофэ псори гуфlэу, гушхуэу.
Махуэ къэскlэ Илъэсыщlэр
Къыщlимыхьэр къысхуэмыщlэ!



# Псалъэзэблэдз

## Хьэрф «А»

***Упщӏэхэр:***

1. Азбукэ псалъэм зэреджэ нэгъуэщӏ къэпсэлъыкӏэ. 2. Гъатхэпэу, уэс телъ щӏыкӏэ, пъагъэ удз пъэпкъ цӏыкӏу *(подснежник)*. 3. Укъэзылъхуа анэр къыщалъхуа унагъуэм, лъэпкъым зэреджэ псалъэ. 4. Хы бдзэжьей ин *(лосось)*. 5. Джэдкъазым яхэт адакъэ пашэ. 6. Нарт хъыбархэм, таурыхъхэм къыхэщ афэ джанэ лӏэужьыгъуэ, жыр тхьэгъу зэрылъу щӏарэ дыжьынкӏэ щӏэгъэнауэ *(кольчуга, покрытая серебром)*. 7. Къуршым, бгы лъагэм и щыгу дыдэ.

*Жэуапхэр пэжмэ, къехыу укъеджэнщ ажэ щӏыкӏэу хуэпауэ джэгухэр гушыӏэкӏэ зыгъэдахэ цӏыхум зэреджэ псалъэ.*



**Псалъалъэ:** *ажэгъафэ, аранэ, алфавит, афэху, ажэгъуэмэ, адакъэпщ, аргъей, анэш.*








НУР

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№1 2015г.

Учредители:
Госкомитет КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б.ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**А.АБАЗОВ**
**А.БИЦУЕВ**
**Х.КАРМОКОВ**

Художественный редактор
**Л.ПАРОЕВА**

Свидетельство о регистрации №
ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря
2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
29.12.2014 г.
Выход в свет
30.01.2015 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура SchoolBook, Arial Cyr.
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3000
В розницу – цена свободная
Заказ № 3
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000,Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г.Нальчик, ул. Ленина,33



***ШЫКЪ Денизэ*** илъэси 10 и ныбжьщ, Налшык 9-нэ школым щоджэ. Сурэт щIыным, усэ тхыным дехьэх, фIы дыдэу йоджэ. «Шэху уэздыгъэ» студием жыджэру къокIуалIэ.

